Mass General Brigham

Kòman pou pran swen COVID-19 nan kay la



Si ou menm oswa yon manm nan fanmi ou te teste pozitif pou COVID-19 epi yo ka pran swen ou nan kay la, tanpri revize gid sa a pou kenbe ou menm ak fanmi ou an sekirite—epi pou evite simaye enfeksyon an bay lòt moun nan kay ou a ak kominote a.

Enstriksyon pou pasyan ki gen COVID-19 yo

Tanpri swiv enstriksyon sa yo:

- **Rete lakay ou, sof si ou bezwen swen medikal.**
- **Rele davans anvan ou vizite doktè w la.**
- **Rete lwen lòt moun ki nan kay la. Sa gen ladan, rete nan yon chanm apa, lwen lòt moun yo epi itilize yon douch apa, si disponib.**
- **Mete yon mask lè ou bò kote lòt moun.**
- **Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon tisi lè w ap touse oswa etènye.**
- **Lave men ou avèk savon ak dlo (oswa yon dezenfektan ki fèt ak alkòl) souvan.**
- **Pa pataje atik pèsonèl nan kay la, ki gen ladan asyèt, vè, tas, istansil kizin, sèvyèt oswa founiti kabann.**
- **Netwaye tout sifas "yo manyen souvan yo" tankou kontwa, pwanye pòt, twalèt, aparèy mobil, ak tab denwi chak jou avèk sprey oswa twal pou netwaye kay.**
- **Pa prepare oswa sèvi lòt yo manje.**

Tanpri siveye tèt ou pou si sentòm yo vin pi grav, tankou:

- **agravasyon difikilte pou respire**
- **nouvo konfizyon oswa**
- **ogmantasyon feblès**

Si ou gen sentòm sa yo oswa lòt nouvo sentòm oswa sentòm ki vin pi grav, tanpri rele biwo pwofesyonèl premye swen ou an.

Si ou fè fas ak yon ijans medikal epi ou bezwen rele 911, tanpri fè EMS konnen ou gen COVID-19. Sa a ap pèmèt yo pran prekosyon ki nesesè pou asire sekirite tout moun.

Konsèy pou manm fanmi yo ak moun k ap bay swen adomisil yo

Si ou nan kontak kole, oswa si w ap pran swen yon manm fanmi an ki gen COVID-19, tanpri swiv rekòmandasyon sa yo pou tèt ou:

Jere sentòm yo

- Swiv eta sante ou deprè. Rele pwofesyonèl premye swen ou an touswit si ou remake ou devlope sentom ki fè panse ak sa COVID-19 yo (fyèv, tous, souf kout).
- Asire w ou konprann epi ou ka ede pasyan an swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante yo a pou swen ansanm ak bezwen debaz kay la (achte episri ak preskripsyon).
- Siveye sentòm pasyan an. Si pasyan an ap vin pi malad, rele pwofesyonèl swen sante yo a epi eksplike li se laboratwa ki konfime pasyan an gen COVID-19. Si pasyan an gen yon ijans medikal epi ou bezwen rele 911, siyale depèch la pasyan an gen COVID-19.



Rete aleka

- Manm nan kay la ta dwe rete nan yon lòt chanm epi yo dwe separe yo de pasyan an otank posib, pandan y ap itilize yon chanm apa ak twalèt si sa disponib.
- Tanpri, pa kite vizitè ki pa gen bezwen esansyèl rantre nan kay la.
- Asire w espas pataje yo ki nan kay la gen bon lè ki pase ladan yo (tankou èkondisyone oswa fenèt ki louvri).

Pratike bon ijyèn

- Pratike ijyèn men souvan. Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn (pi bon) oswa itilize yon dezenfektan men ki fèt ak alkòl ki gen 60 jiska 95% alkòl, vide sou tout sifas men ou epi fwote yo ansanm jiskaske ou santi yo sèch.
- Evite manyen je w, nen, ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Ou menm ak pasyan an dwe mete yon mask si nou nan menm chanm lan.
- Si sa posib epi disponib, sèvi ak gan lè w ap manyen oswa ou gen kontak ak rad pasyan an oswa san yo, poupou, oswa likid ki soti nan kò yo. Mete bagay ki sal yo lwen kò ou. Si w te itilize gan, retire epi jete gan yo nan yon bwat fatra double ak yon sache plastik. Lave men ou touswit ak savon ak dlo oswa dezenfektan pou men ki fèt ak alkòl.
- Jete mask yo ak gan yo apre ou fin itilize yo. Pa reyitilize.
- Mete tout gan ki itilize deja epi ki pou jete yo, mask yo ak lòt bagay ki kontamine nan yon bagay ki double anvan ou jete yo ak lòt fatra nan kay la. Lave men ou ak savon ak dlo oswa dezenfektan pou lave men ki fèt ak alkòl touswit apre ou fin manyen bagay sa yo.
- Evite pataje bagay ki nan kay la avèk pasyan an tankou vè pou bwè, istansil, sèvyèt, rad ak dra. Aprè pasyan an fin itilize atik sa yo, ou dwe byen lave yo.
- Retire epi lave rad oswa dra kabann ki gen san, twalèt oswa swe kò sou yo, touswit.
- Netwaye tout sifas "yo manyen souvan yo" tankou kontwa, pwanye pòt, twalèt, aparèy mobil, ak tab denwi chak jou avèk sprey oswa twal pou netwaye kay.

Si w ap viv ak manm fanmi an, ou ka bezwen mete tèt ou an karantèn. Enstriksyon sou karantèn lan ka diferan pou manm nan kay la ki vaksinen nèt. Rele Konsèy Sante (Board of Health) lokal ou a pou jwenn konsèy. Chèche Konsèy Sante (Board of Health) vil ou a sou entènèt oswa rele Meri Vil la pou yo ba ou yon nimewo telefòn. Si w ap travay nan swen sante, ou ta dwe rele tou Depatman Sante nan Travay (Occupational Health Department) anplwayè w la.

Ou ka jwenn lòt konsèy pou tèt ou ak fanmi ou sou ki jan pou anpeche pwopagasyon potansyèl COVID-19 la sou sit entènèt CDC a: cdc.gov/coronavirus